

BAB III


MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab didadarkeun sababaraha hal nu patali jeung métodeu panalungtikan, nya éta (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) ngumpulkeun data, jeung (4) analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif kalawan métodeu déskriptif, ari panalungtikan kualitatif téh nya éta panalungtikan dimimitian ti inkuiri naturalistik jeung hasil timuan-timuan teu ngaliwatan prosedur *penghitungan* sacara statistik (Basrowi jeung Suwandi. 2008, kc. 22). Panalungtikan kualitatif miboga udagan pikeun meunangkeun pamahaman anu sipatna umum kana kenyataan sosial dina perspektif partisipan. Éta pamahaman teu ditangtukeun, tapi dimeunangkeun sanggeus ngalakukeun analisis kana kenyataan sosial ani jadi puseur panalungtikan. Dumasar analisis bisa dicindekeun mangrupa pamahaman umum anu sipatna abstrak ngeunaan fakta-fakta. Métodeu déskriptif nya éta métodeu anu ngagambarkeun sacara sistematis sarta akurat, ngainterpretasikeun dumasar objék anu sabenerna (Azwar, 2012, kc. 7). Luyu jeung pamarekan kualitatif katut métodeu déskriptif, dina ieu panalungtikan digunakeun desain panalungtikan diwangun galur panalungtikan. Dina Arikunto (2013, kc. 61) désain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun pasualan-pasualan panalungtikan. Ieu désain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah : (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun intrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekkan, jeung (10) nyusun laporan.

Desain panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik dumasar kana léngkah-léngkah panalungtikan anu geus ditétélakeun ku Arikunto. Desain panalungtikanbisa dititénan dina bagan 3.1

Bagan 3.1: Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data nya éta subjek/jejer data anu bisa dicangking (dina Arikunto, 2013, kc.172). Sumber data mangrupa kumpulan catatan dumasar fakta anu karandapan ku panalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2015/2016. Jumlah siswa di kelas X IPA 4 aya 40 jalmi. Dina waktu ngayakeun panalungtikan aya hiji siswa anu teu hadir kusabab udur. Jadi sakabeh data nu aya jumlahna 39 jalma.

3.3 Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa hiji kagiatan pikeun nimukeun informasi pikeun panalungtikan. Aya instrumén pangumpul data jeung téhnik ngumpulkeun data saperti ieu dihandap.

3.3.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta intrumén tés, kartu data, jeung angkét.

a. Lembaran Tés

Lembaran tés dipaké pikeun ngumpulkeun data mangrupa carpon karangan siswa.

b. Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa campur kode dina carpon karangan siswa. Dina kartu data aya nomer/kode data, paragraf, proses campur kode jeung kalimah.

| | |
|--------------------|---|
| Nomer/ kode data | : |
| Paragraf ka | : |
| Prosés Campur Kode | : |
| Kalimah | : |

Tabél 3.1: Conto Kartu Data

| | | |
|--------------------|---|--|
| Nomer/ kode data | : | C01 |
| Paragraf ka | : | 1 |
| Prosés Campur Kode | : | Adzan |
| Kalimah | : | “Jigana teu datang aya halangan Jamaah silih toel maksudna nitah <i>adzan...</i> ” |

Conto Ngalarapkeun Data

(C01/1/5)

Ket: C01 : Carpon Data 01
 1 : Nuduhkeun Paragraf
 5 : Nuduhkeun Kalimah ka 5

c. Angkét

Angkét dipaké pikeun mikanyaho faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Kisi-kisi angket:

- 1) Kasang tukang siswa;
- 2) Basa nu dipaké sapopoé jeung kulawarga;
- 3) Basa nu dipaké di sakola;
- 4) Basa nu dipaké di masarakat;
- 5) Basa nu dipaké dina media sosial ;
- 6) Sikep jeung kabiasaan maké basa Sunda.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké dina ngumpulkeun ieu data panalungtikan nya éta téhnik tés jeung angkét.

a) Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun meunangkeun data carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2015/2016.

b) Téhnik Angkét

Téhnik angkét digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2015/2016.

3.4 Analisis Data

Data anu geus kakumpul tina hasil ngumpulkeun data, kudu langsung digarap ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 278). Téhnik analisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Data diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Aya sababaraha langkah pikeun nganalisis jeung ngolah data nya éta:

a) Data Tés

- 1) siswa nyieun karangan carpon;
- 2) sanggeus siswa nyieun karangan carpon ku panalungtik dibaca jeung dibéré ciri mana kecap anu ngalaman campur kode anu ditilik tina wanda jeung wujud campur kode;

- 3) tuluy panalungtik ngaklasifikasikeun dumasar kana wanda jeung wujud campur kode;
- 4) hasil analisis ditulis kana kartu data, unggal campur kode dibéré ciri anu tangtu
- 5) kartu data disusun dina tabel; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina data anu geus diolah dina wangun perséntase.

Rumus nu dipakéna nya éta:

$$\text{Frékuénsi campur kode} = \frac{n \text{ ECK}}{n \text{ CK}} \times 100\%$$

Katerangan:

- n ECK = Jumlah Campur Kode dina Karangan Carpon Siswa
 n CK = Jumlah total Campur Kode dina sakabéh Karangan Carpon Siswa

a. Data Angkét

Pikeun mikanyaho faktor naon anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode digunakeun data angkét. Data angkét diolah ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- 1) siswa dibagi data angkét
- 2) panalungtik nganalisis data angkét dumasar kana aspék jeung katégorina;
- 3) hasil analisis diitung frékwésina dumasar kana aspék nu ditalungtik; jeung
- 4) nyieun kacindekan dina wangun perséntase.

$$\text{Rumus} = \frac{f}{n} \times 100\%$$

Katerangan:

- f = Frékwénsi aspék anu ditalungtik
 n = Jumlah siswa